**SUMMARY.** This article reflects, analyzes articles and information related to the public and legal administration of the territory in official periodicals, which were widely distributed during the administration of the region by the Russian Empire and were considered the only propagandists of imperial policy in the South Aral Sea region, Turkestan. In particular, it is written about the situation in the Amu Darya department, types of taxes, the development of trade in cities, the activities of the Aral Flotilla, types of fish and trade, and even about the fact that fish were sent to Baku, Astrakhan and other cities.

# ҚАРАҚАЛПАҚ МУЗЫКА КӨРКЕМ ӨНЕРИ ТАРИЙХЫНДА СИМФОНИЯЛЫҚ ОРКЕСТРДИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ

**Р.Алланбаев –** *Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист, доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** опера, мусиқа, оркестр, композитор, тарих, мусиқали драма.
**Ключевые слова:** опера, музыка, оркестр, композитор, история, музыкальная драма.
**Key words:** opera, music, orchestra, composer, history, musical drama.

Бүгинги күнде Жаңа Өзбекстанның келбетин қәлиплестириў, өз алдымызға қойған уллы мақсет – Үшинши Ренессанстың тийкарын жаратыў ҳаққында сөз болғанда, елимизде көркем өнер ҳәм мәдениятқа атап айтқанда, музыка көркем өнерине болған итибар, тарийхы, бүгини ҳәм келешегине болған мүнәсибет, сондай ақ, кейинги жылларда тараўдың раўажланыўына қаратылған бир қатар нызам, пәрман ҳәм қарарлар қабыл етилип, кең көлемли жумыслар әмелге асырылғанын атап өтиў керек.

Президентимиздиң 2022-жыл 2-февральдағы «Мәдений ҳәм көркем өнер тараўын буннан былай да раўажландырыўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарары «халыққа, әсиресе, алыс аймақларда жасайтуғын пуқараларға мәдений дем алыў хызметлерин көрсетиў дәрежесин арттырыў, елимиздиң барлық аймақларында театр, цирк ҳәм басқа да түрдеги ғалабалық-мәдений ҳәм концерт-тамаша илажларын системалы түрде жолға қойыўда жаңа перспективаларды ашатуғыны сөзсиз ҳәм бул бағдардағы реформалардың жаңа стратегиясы қабыл етилип, турмысқа избе-из енгизилмекте» [1]. Бул қарарда улыўма билим бериў мектеплеринде жас әўлад миллий саз әсбапларымызды толық үйрениўи ушын зәрүр шараятлар жаратыў ҳәм Өзбекстан бойлап симфониялық оркестрлердиң концерт бағдарламаларын шөлкемлестириў айрықша атап өтилген. Бул жасларда миллий мийрасымыз ҳаққында билимлердиң қәлиплесиўине, руўхый дәрежесин арттырыўға хызмет етеди. Музыканы билген, руўхый жетик жигит-қызлардан ҳеш қашан жаманлық шықпайды.

Буннан тысқары, музыка сабағын терең үйретиў мақсетинде имканияттан келип шығып 4 саат сабақ енгизиледи. Сондай-ақ, 2022-2023-оқыў жылынан музыка әсбапларын үйрениў ушын керекли оқыў-методикалық қолланбалар, сабақлық ҳәм ноталар Мәдений министрлиги тәрепинен ислеп шығылып, билимлендириў мәкемелерине жеткерип бериледи. Қарарға бола, дәслеп ҳәр бир музыка муғаллими бир музыка әсбабын шертиў көнликпесине ийе болса, енди 3 саз әсбабы бойынша билимге ийе болыўы шәрт екени белгиленди.

Қарақалпақстанда музыка көркем өнери бойынша профессионал жәмәәтиң қәлиплесиўинде Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик музыкалы театрында сахналастырылған музыкалы драма спектаклериниң орны айрықша болды. Музыкалы драмалар ушын киши қурамдағы унисон атқаратуғын сазенделер музыкалы драмаларды, концерт бағдарламаларын атқарыў ушын үлкен ўәзыйпаны атқарып, нота менен шертетуғын сазенделер оркестрде хызмет еткен. Сол дәўирлерде қәнийгели сазенделер аз болыўына қарамастан дүнья классик саз аспаблары скрипка, виолончель, кларнет, турба, тромбонларда атқаратуғын сазенделер театрда жумыс ислеген. Олардан: Палўанияз Әбдижамилов, Жумамурат Янгибаев, Камал Меңдибаев, Алым Абдуллаев, Қурбанбай Есжанов, Люся Брохман, Турсымурат Утемуратов, Қурбанбай Наметуллаев, Махсет Көпжасаров, Алламурат Қошымбетов, Қалбай Төлегенов, Виктор Марюхин, Николай Мурманцев, Бахтияр Оразбаев, Замир Алламбергенов, Уразбаев Бахтияр, Александр Лосевский ҳәм басқада сазенделер усы оркестрде нота менен саз шерткен.

Театр репертуарында оркестр менен атқарылатуғын «Алпамыс», «Жайлаўда той», «Жалынлар», «Көклен батыр», «Қәдирдан доктор», «Сүймегенге сүйкенбе», «Айгүл-Абат», «Рәўшан» ҳәм тағы басқада музыкалы драма спектакллери тамашагөйлердиң нәзерине усынылған. Театрдың симфониялық оркестрин белгили дирижёрлар Алимжан Халимов, Әбдирейим Султанов, Сапарбай Палвановлар басқарып бирқанша спектакллердиң сахналастырылыўына өз үлеслерин қосқан.

Театр репертуары ушын композиторлардан: Виктор Шафраников, Фаттақ Назаров, Сайфи Жалил, Худайберген Турдықулов, Ғанийбай Аманиязов, Нажматдин Мухамеддинов, Алимжан Халимов, Әбдирейим Султанов, Сапарбай Палванов, Қурбанбай Заретдинов, Шарапатдин Пахратдиновлар музыкалы драмаларға музыкалар дөретип музыкалы драма жанрының рәўажланыўына үлкен үлеслерин қосқан.

1989-жылы театр Бердақ атындағы Қарақалпақ мәлекетлик музыкалы театры болып, көп жанрлы театрлар қатарына кирди. Демек, опера, балет, музыкалы драма ҳәм комедия, драма спектакллерин сахналастырыў мүмкиншилигине ийе болды. Театрға 53 штат бирлигинде бурынғы филармонияның симфониялық оркестри сазенделери ҳәм саз әспаблары толығы менен өткерилди. Актёрлар қурымында вокал актёрлары, драма актёрлары, хор, балет труппалары жумыс ислеп баслады. Театр сахнасында дүнья стандартына сай, музыка өнериниң шыңы, синтетик жанры опера шығармаларыда сахналастырылды. 1987-жылы биринши қарақалпақ миллий операсы «Әжинияз» (авторлары Н.Мухамеддинов ҳәм И.Юсуповлар) театр сахнасында қойылып тамашагөйлердиң алғысларын алған болса, 1989-жылы С.Юдаковтың «Майсраның ҳийлеси» операсы қарақалпақ тилинде, 1992-жылы С.Рахманиновтың «Алеко» операсы рус тилинде «Цыганлар» атамасы менен сахналастырылды. 1997-жылы Н.Мухамеддинов-тың биринши қарақалпақ балети «Айжамал» сахналастырылды. 2013-жылы «Тумарис» операсы (авторлары Қ.Заретдинов ҳәм И.Юсуповлар), 2015-жылы Қ.Заретдиновтың «Қырқ қыз» балети сахналастырылды. 2020-жыл «Халық ушын» операсының премьерасы болып өтти. Либретто авторы Кеңесбай Каримов, Операны сахналастырған режиссёр Мархабай Усенов, Спектакльдиң музыкалық жақтан басшысы ҳәм дирижёры, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Қурбанбай Заретдинов. Бул жанрларда дөретилген шығармалар қәнийгелердиң ҳәм тамашагөйлердиң жоқары дәрежедеги баҳаларын алыўға миясар болды. Бурынғы киши, толық емес, аралас саз әспаблары оркестр менен атқарылып киятырған, театр сахнасында жүрип турған «Сүймегенге сүйкенбе», «Үш бойдақ», «Бердақ», «Ақмақ патша», «Ғәрип ашық» музыкалы драмалары толық

оркестр қурамы ушын қайта исленип, дүнья стандартына сай дәрежеде атқарылмақта.

Симфониялық оркестр «Музыка дүньясына саяхат» атамасындағы лекторлық-концерт бағдармаласы менен Республикамыздың барлық балалар музыка ҳәм көркем-өнер мектеплеринде, улыўма тәлим мектеплеринде жасларымыз ушын музыка тыңлаў, саз әспаблары ҳам музыка жанрлары ҳаққында түсиник концертлер өткерип, олардың ҳәр тәреплеме рәўажланған, руўхы бай болып жетисиўине өз үлесин қосып келмекте. Лектор-дирижёр Қ.Заретдинов саз әспаблары ҳаққында түсиндириў ҳәм сол саз әспабының даўысын, дүнья классик композиторлары Моцарт, Бетховен, Чайковский, Верди, Свиридовлардың музыкаларын жанлы тыңлатыў-көрсетиў арқалы жаслардың музыкаға деген үлкен қызығыўшылық сезимлерин оятты.

Симфониялық оркестр жәмәәти толығы менен гастрол сапарларында болып тамашагөйлерге хызмет етип келмекте, 1991-жылы Алматы қаласында «Әжинияз» операсы, «Сүймегенге сүйкенбе», «Ғәрип ашық» музыкалы драмалары, 1993-жылы Ташкент қаласында Навой атындағы үлкен академик опера ҳәм балет театры сахнасында «Әжинияз» операсы ҳәм «Ғәрип ашық» музыкалы драмасы, 2000-жылы Өзбекистан мәмлекетлик консерватоиясының үлкен залында симфониялық оркестрдиң концерт бағдарламасы менен гастрол сапарларында болды. 2008-жылы Ашхабад қаласында «Музыка мийрасы адамзаттың руўхый байлығы» атамасындағы халық аралық фестивалға театрдың камер оркестри қатнасып дүнья халықлары музыкасы қатарында қарақалпақ музыкасынында атқарылыўына ериста ҳәм фестивалдың арнаўлы дипломына миясар болды. 2016-жылы май айында Ташкент қаласында Навоий атындағы үлкен академик опера ҳәм балет театры сахнасында «Әжинияз» ҳәм «Тумарис» опералары, 2022-жыл 26-май күни Ташкент қаласында өткерилген Қарақалпақстан Республикасы мәдeният күнлеринде Алишер Наўайы атындағы Мәмлекетлик академиялық Үлкен театрда шөлкемлестирилген симфониялық оркестр Ташкентли тамашагөйлерге концерт бағдарламаларын инәм етти.

Театрдың симфониялық оркестри жәмәәти менен Өзбекстан халық артистлери дирижёрлар: Захид Хақназаров, Абдугани Абдукаюмов, Гани Туляганов-лар бирге ислескен.

Қарақалпақстанда симфониялық оркестр өзиниң тийкарғы ўазийпасы спектакллер атқарыў менен бирге ҳәмме ўақытта халқымыз арасында, әсиресе жасларымызды дүнья классик музыкасы арқылы руўхый тәрбиялаў махсетинде лекторлық концертлер, тематикалық концертлер, ушырасыўлар ҳәм ағартыўшылық жумысларын жүргизип келмекте.

Ҳүрметли Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң басламасы менен Музыка көркем өнерин ҳәр тәреплеме раўажландырыў, бай музыкалық мийрасларымызды терең үйрениў, қарақалпақ мәдeнияты ҳәм көркем өнер тараўында жоқары маман кадрлар таярлаў системасын және де жетилистириў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасында Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясының Нөкис филиалының ашылыўы бәршемизди шексиз қуўанышқа бөледи.

Бүгинги күнде филиалда “Халық сазлары” ансамбли, “Халық сазлары” оркестри, “Симфониялық” ҳәм “Камер” оркестр шөлкемлестирилген болып қысқа ўақыт даўамында өзлериниң концерт бағдарламаларын халқымызға инәм етти. Бул концерт бағдарламаларында Дирижёр, Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты профессоры Хикмат Ражабов, Өзбектсан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Гүлхатиша Айымбетова, Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист, Қарақалпақстан халық артисти Базаргүл Каримова, Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист Айгүл Надировалар мийманда болды. Филиал Симфониялық оркестриниң 2021-жыл 27-декабрь күни өткерилген концерт бағдарламасында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси сенаторы Батыр Мәтмуратов, Биология илимлери докторы, профессор Мурат Жуманов, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты Нажиматдин Аңсатбаевлар сөзге шығып, жаслар ушын жаратылып атырған имканиятлардан толық пайдалана билиў келешектеги жетискенликлериниң тийкары болатуғынлығын айтып өтти. Концертте Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, Академик Муяссар Раззоқова, Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист Дәрибай Хожамбергенов, “Ниҳол” мәмлекетлик сыйлығының лауреаты Наўрызбек Махаммадияровлар мийманда болды. Концерт бағдарламасы жүдә көтеринқи руўхта өткерилди. Концерт даўамында “Саз атқарыўшылығы” кафедрасы оқытыўшысы, дирижёр Полат Тныбаев басшылығындағы симфониялық оркестр тәрепинен қарақалпақ, өзбек ҳәм жәҳән композиторларының шығармалары атқарылды. Соны айрықша атап өтиў орынлы, филиал оркестри барлық байрамларға яғный, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрында өткерилген Республикалық салтанатлы байрам илажларына турақлы түрде қатнасып келмекте.

Филиал студент жасларынан дүзилген оркестр ҳәр бир шығарманы шеберлик пенен атқарып, жаслар тәрепинен өзгеше усылда атқарылыўы ҳәм тамашагөйлер итибарын тартып қол шапалақлар менен қарсы алғаны жаңадан шөлкемлестирилген оркестрдиң биринши жетискеншилиги ҳәм Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театры симфониялық оркестриниң даўамшылары десек болады ҳәм бул жас талант ийелерин ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, өсип киятырған жас әўлатды кәмил инсан етип тәрбиялаў ҳәм оларға қаратылып атырған айрықша итибар нәтийжесинде студент-жасларымыз мәмлекетлик ҳәм халықаралық таңлаўларда жеңислерге ериспекте.

**Әдебиятлар**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 2-февраль күнги “Мәдeният ҳәм көркем өнер тараўын буннан былай да раўажландырыўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында”ғы ПҚ-112-санлы қарары.
2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 5-апрельдеги «Өзбекстан Мәмлекетлик Консерваториясының Нөкис филиалын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 186-санлы қарары.
3. Аңсатбаев Н. Театр ҳәм актёр. –Т.: «Навруз», 2020, 19-20-б.
4. Турсунов Т. Сахна ҳәм заман. –Ташкент: «Жаңа әсир әўлады», 2007, 404-б.
5. Турсынов Б. Драматургия ҳәм театрымыздың мәселелери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
6. Баяндиев Т., Сайфуллаев Б. Қарақалпақ сахнасының Бердақ шайыры. –Ташкент: 2014.

**РЕЗЮМЕ** Мақолада Қорақалпоқ мусиқа маданияти тарихида симфоник оркестрнинг ривожланиш босқичлари, Қорақалпоғистонда мусиқа маданияти бўйича профессионал жамоанинг шаклланишида Бердақ номидаги қорақалпоқ давлат мусиқали театрида саҳналаштирилган опера, мусиқали драма спектаклларининг ўрни ҳақида сўз боради. Шунингдек, Ўзбекистон давлат консерваториясининг Нукус филиалини очилиши ва филиалда ташкиллаштирилган “Халқ созлари” ансамбли, “Халқ созлари” оркестри, “Симфоник” ва “Камер” оркестрларининг ёшлар тарибиясида тутган ўрни ҳақида теран фикр юритилган.

**РЕЗЮМЕ** В статье рассказывается об этапах развития симфонического оркестра в истории каракалпакской музыкальной культуры, роли оперных и музыкально-драматических спектаклей, поставленных в Каракалпакском

государственном музыкальном театре имени Бердаха, в формировании профессионального коллектива по музыкальной культуре в Каракалпакстане. В том числе трактуется история открытия Нукусского филиала Узбекской государственной консерватории и роль ансамбля «Халк сўзлари», оркестра «Халк сўзлари», «Симфонического» и «Камерного» оркестра в воспитании молодежи.

**SUMMARY** The article tells about the stages of symphony orchestra development in the history of Karakalpak musical culture, the role of opera and musical drama performances staged at the Karakalpak State Musical Theater named after Berdakh, in the formation of a professional musical culture team in Karakalpakstan. Furthermore, there was also described history of the opening of the Nukus branch of the Uzbek State Conservatory and the role of the Khalq Sozlari Ensemble, the Khalq Sozlari Orchestra, the Symphonic and Chamber Orchestras in the education of young people were also discussed.

## TAXTAKÓPIR RAYONÍ OYKONIMLERINIŃ LEKSIKA-SEMANTIKALÍQ QURAMÍ HÁM ONÍ KARTALASTÍRÍW

**O.O.Baltabayev** – *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** toponim, oykonim, fitooykonim, etnooykonim, antropooykonim, gidronim, oronim, oykonimik karta.

**Ключевые слова:** топоним, ойконим, фитоойконим, этноойконим, антропоойконим, гидроним, ороним, ойконимическая карта.

**Key words:** toponym, oikonym, phytooikonym, ethnooikonym, anthropooikonym, hydronym, oronym, oikonymic map.

**Kirisiw.** Óziniń tuwılıp ósken watanınıń, qala hám rayonınıń, kóshe hám awılınıń atamasına, olardıń kelip shıǵıwı hám mánis-mazmunına qızıqpaǵan insan bolmasa kerek. Hárbir toponim óziniń tariyxıy etimologiyasına iye. Biz tuwılıp ósken elimizdiń toponimikalıq materialların úyreniw arqalı ertedegi xalıqlardıń ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy qatnasıqların jáne de til ózgesheliklerinde anıqlawımız múmkin. Usınday ózgesheliklerdi ózinde sáwlelendiriwshi uzaq tariyxqa iye bolǵan elimiz toponimiyası da ózine tán milliy miyrasımız bolıp tabıladı. Húrmetli prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevtıń: "…Tariyxıy miyrastı asırap-abaylaw, úyreniw hám áwladlarǵa qaldırıw, mámleketimiz siyasatınıń eń baslı baǵdarlarınan biridur" [2:29] – degen, sózleriniń túp-tiykarında da tariyxıy miyrasımızǵa baylanıslı derek sıpatında elimiz toponimlerin úyreniw máselesi de jatadı.

**Tiykarǵı bólim.** Toponimika kóplegen bólimlerden turadı. Toponimikanıń eń úlken bólimlerinen biri bul oykonimika (grekshe "oykos" – úy, jasaw ornı, mákan – qala, awıl, elat sıyaqlı xalıq jasaw orınlarınıń atamaları) bolıp tabıladı. Oykonimler haqqında belgili geograf alım, toponimist S.Qorayev óziniń tómendegishe pikirin bildirip ótken: "… Oykonimler toponimiyanıń eń ózgeriwsheń tarmaǵı. Sebebi, úlke tábiyatınıń ózgeshelikleri, jámiyet ómirinde ásirler dawamında júz bergen tariyxıy, social hám siyasiy waqıyalar, xalıqtıń kásip-óner atları, xalıq jasaw punktin birinshi bolıp ózlestirgen yamasa oǵan tiykar salǵan insannıń, onda qanday qáwim wákilleri jasaǵanı yamasa jasap atırǵanına qarap atamalar óz kórinisin tabadı" [18:50]. Usı kózqarastan elimiz oykonimlerin úyreniw, olardıń aymaqlıq tarqalıw ózgesheliklerin anıqlaw hám kartalastırıw házirgi kúndegi aktual máselelerden biri bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan oykonimleri sonıń ishinde Taxtakópir rayonı oykonimleri de júdá kóp izleniwlerdi talap etetuǵın dárejede uzaq tariyxqa iye bolǵan ózine tán hám hár túrli qaytalanbas ózgesheliklerge iye bolǵan geografiyalıq atamalarǵa bay.

Toponimiyalıq kartalastırıw boyınsha Ózbekstan Respublikası kóleminde S.Qorayev [7:51-52], M.Mirakmalov [9:21], Jizzax wálayatı kóleminde Q.Hakimov [13:15] hámde Qaraqalpaqstan Respublikası kóleminde Q.Seytniyazovtıń [11:57,69] miynetleri dıqqatqa ılayıq.

Qaraqalpaqstannıń oń jaǵalıq arqa rayonları toponimleri boyınsha keń kólemli izertlewlerdi alıp barǵan geograf alım, toponimist Q.Seytniyazov bolıp tabıladı. Ol óziniń izertlewlerinde Qaraqalpaqstanda birinshilerden bolıp Taxtakópir rayonı toponimleriniń kartasxemasın jaratqan hám 50 den artıq toponimdi tómendegishe toparlarǵa ajıratıp kartalastırǵan [11:69]: 1. Etnonimler; 2. Geografiyalıq terminler menen baylanıslı toponimler; 3. Gidronimler; 4. Antroponimler; 5. Túsiniksiz atamalar; 6. Zoonimler hám fitonimler; 7. Orın relyefi menen baylanıslı toponimler.

Sonday-aq, Jizzax wálayatı oykonimlerin izertlep, olardı kartalastırıw boyınsha geograf alım, toponimist Q.Hakimovtıń miynetleri itibarǵa ılayıq. Alım zamanagóy GIS texnologiyaları járdeminde Ózbekstanda birinshilerden bolıp oykonimiyalıq kartasxemanı jarattı. Q.Hakimov Jizzax wálayatı oykonimlerin tómendegi toparlarǵa ajıratqan halda kartalastırdı [13:15]: 1. Etnooykonimler; 2. Antropooykonimler; 3. Gidrooykonimler; 4. Orooykonimler; 5. Neooykonimler; 6. Basqa oykonimler.

Házirgi kúnde Taxtakópir rayonı aymaǵında jámi 1 posyolka hám 39 elatlı punkt bar bolıp [1], biz olardıń payda bolıw, atalıw ózgesheliklerine qaray tómendegishe leksika-semantikalıq toparlarǵa bóliwdi lazım taptıq:

1. Oronimlerden payda bolǵan oykonimler;
2. Relyef ózgeshelikleri menen baylanıslı oykonimler;
3. Gidronimlerden payda bolǵan oykonimler;
4. Fitooykonimler;
5. Etnooykonimler;
6. Antropooykonimler;
7. Kásip-óner, xojalıq iskerligi menen baylanıslı oykonimler;
8. Úy hám xojalıq qurılısları menen baylanıslı oykonimler;
9. Zamanagóy (standart) atamalar.

Tómendegi Taxtakópir rayonı oykonimleri kartasında bul leksika-semantikalıq toparǵa qaysı oykonimler kirgizilgenligin kóriwimiz múmkin (1-súwret).